gazetavpered@list.ru

Ассаламу гIалайкум!

ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№46 (6875) * 16 НОЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 7 ЖУМАДУЛ АХИР 1448 с. *

РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА



ХIалтIулаб данделъи

10 ноябралда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районазда гьоркьосев тIабигIат цIуниялъул прокурор В. Григорьевгун гьабулеб хIалтIул данделъи.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместителал М. МухIамадовас, А. Маликовас, районалъул росабазул администрациябазул бутIруз ва учреждениязулгун организациябазул нухмалъулез.

Гьениб гьоркьоб лъун хал гьабуна мошенниказдаса цIунимялъул, гIадамазул ихтияразул, лъай борхизе гьабиялъул суалал.

Гьединго В. Григорьевас тIаде къабул гьаруна ракI унтарал суалалгун рачIарал районцоял. Гьезие щвана лъикIаб консультация.



10 НОЯБРЬ – ПОЛИЦИЯЛЪУЛ ХIАЛТIУХЪАБАЗУЛ КЪО

Байрам баркана

10 ноябралда районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель М. МухIамадовас ва администрациялъул хIалтIухъан А. ГIумарсултIановас районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазда ракI – ракIалъго баркана тIаде щвараб Россиялъул Федерациялъул полициялъул хIалтIухъабазул къо.

Гьез баркала загьир гьабуна ихтиярал цIуниялъулъ ва гIадамазул хIинкъигьечIолъи цIуниялда тIад гьабулеб бугеб ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло гьез бахъулеб бугеб хIаракаталъухъ.

Гьарана гьезие хIалтIулъ чIахIи – чIахIиял бергьенлъаби, щивасул рокъоб парахалъи, щулияб сахлъи.



ПОДПИСКА – 2027

ХIурматиял районцоял!

Байбихьун буго 2027 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Церехун» газеталъе подписка гьабизеги. Гьеб хъвазе бегьула почталъул отлениялдасанги «Церехун» газеталъул редакциялдасанги.

Районалъул гIумру бихьизе гьабулеб матIу ккола районалъул газета. Гьелдасан лъала нужеда районалъул гIумру, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял районалъул росабазул администрациябазул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! Бокьилаан «Церехун» газеталъе подписка гьабизе хIаракат бахъани. Ниж божарал руго 2027 соналда газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.



ГАЗЕТАЛЪУЛ БАГЬА:

ЛъагIалие:

Почталдасан – 1409,57 гъ.

Редакциялдасан – 300 гъ.

Башдаб лъагIалие:

Почталдасан – 704,82 гъ.

Редакциялдасан – 150 гъ.

"Церехун" газеталъе — 75 сон

Каламалъул махщелчи

92 сонил гIумруялда нилъедаса ватIалъана Россиялъул ва Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Хьаргабиса МухIамад АхIмадович ХIажиев. Гьесда цадахъ тарихалде ана творческияб нухалъул тIубараб гIасру. М. ХIажиев ккола Совет Союзалъул радио ва телевидениялъул отличник, I969 соналдаса нахъе журналистазул Союзалъул член, дагъистаналъул журналистазул «Дагъистаналъул меседил къалам» премиялъул лауреат.



МухIамад ХIажиевас 30 сонил гIумру кьуна авар мацIалда телерадиовещание цебетIезабиялъе.

ТIоцебесеб хIалбихьи гьесул букIана школалда цIалулев вукIадго. ГьитIинав гIолилас кучIдул хъвалан, хасго тIабигIаталъул, сверухълъиялъул берцинлъиялде гьарурал. Гьесул гьудул – гьалмагъзабазе цIакъго рокьулаан МухIамадица хъвалел сатирическиял куплетал.

Щуйилазда школаги лъугIизабун гьев ана армиялде. Гьениса вачIун хадув хIалтIизе байбихьана библиотекаялда. Хадувги, М. ХIажиев цIализе лъугьана ДГУялъул инженериябгун – строительнияб факультеталде (къасисеб отделениялда). ХIалтIана «ХIакъикъат» (доб заманалда «БагIараб байрахъ») газетаялъул редакциялда, идеологическияб отделалда.

Цинги, 1966-1970 соназда гьесул гIумруялъул нух бухьана районалъул «Церехун» газетаялъул редакциялда. Кагътазул отделалъул заведующийлъун хIалтIулаго гьесул творческияб нух гIатIидго ине байбихьана. Хъвалаан кIвар бугел проблемабазда хурхарал сатирическиял макъалаби. 1975 соналъ М. ХIажиев ахIана радиоялде авар мацIалъул редакциялде. Гьениб гьес тана гIадатияв корреспондентасдаса бетIерав редакторасде щвезегIан нух.

МухIамад АхIмадовичас 21 соналъ нухмалъи гьабуна редакциялъул ва хIалтIулъ кьучIукьанго хисабасиял гьаруна. Хасго, машгьураб букIана рогьалил программа «В ритме времени».

Абулаан, хIалтIуде рахъине кватIаниги, гьеб передачаялъухъ гIенеккун гурони цо-цоял къватIире рахъунароанилан. Росдал годекIаниб, абуни, гьениб бицараб гьоркьоб лъолаан.

Жегиги абулаан, Дагъистаналда демократия батани, гьеб магIарул радиоялда бугилан.

Радиоялда общественнияб гIумруги букIана МухIамадил хIаракатаб. Гьев кIиго нухалъ вищун вукIана парткомалъул секретарлъун.

М. ХIажиевасул букIана бечедаб тарих. Жиндирго гIумруялъул нух гьес гвангъизабуна лъикIал пишабаздалъун ва берцинаб каламалдалъун. Дунялалдаса ватIалъаниги, гьесул цIар тарихалда бикIкIана берцинаб накъищлъун.

Ахираталдаги витIун ккун ватаги, алжан насиблъун батаги гьесие.

Нахъе ругел лъималазе, наслабазе гIумру халатаб кьеги Аллагьас.

Х.ШАМСУДИНОВА

Мажлис тIобитIана



7 ноябралда Хьаргаби районалъул культураялъул минаялда тIобитIана «Ас – Салам» газеталда хурхараб мажлис.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Дагъистан республикаялъул Муфтияталъул мугIрузул территориалияб округалъул вакил ГIалиасхIаб Разакъовас, Хьаргаби районалъул имамзабазул советалъул Председатель Тажудин ГIабдулаевас, МахIачхъалаялъул централияб джума – мажгиталъул имам ГIиса Салимсултановас ва цойги диналъул хIаракатчагIаз ва гьалбадерица.

Мажлисалъул программаялда рекъон, гьенир ахIана мавлидал, кIалъазе рахъарал динияб гIелмуялъул гIалимчагIаз пайдаял насихIатал гьаруна, тIадчIей гьабуна муъминзабазе рухIаниябгун – адабияб тарбия кьеялда ва бусурзабазул цолъиялда. Завалаблъун ккана багьаял сайгъатазул хIай ва гьезда гьоркьоб аслияблъун букIараб гIумраялде путевка. Сайгъатазе ва гIумраялде путевкаялъе можоро бахъана I730 газетаялъе лъагIалил подписка гьабурал, Хьаргаби районалда гIумру гьабулел гIадамазда гьоркьор. ГIумраялде путевка бергьана ЧIалдаса муъминчи АхIмадие, ахIун ватаги Аллагьас.

Цинги, киналниги «Ас – Салам» газеталъул вакилзабазе, районалъул росабазул имамзабазе ва газета тIибитIизабизе квербакъулел жигарчагIазе кьуна баркалаялъул кагътал ва ракIалдещвеялъе сайгъатал. Гьединго, гIумраялде путевка кьуна Хьаргаби районалда «Ас-Салам» газета тIибитIизабиялъул отделалъул нухмалъулев Мурад ГIумаровасе (ахIун ватаги).

МУХIАМАД ХIАЖИЕВАСУЛ РАКIАЛДЕЩВЕЯЗДАСАН

МахIачхъалаялда, Дагъистаналъул Радиовещаниялъул Комитеталда магIарул передачабазул редакциялда переводчиклъун хIалтIулев ва ДГУялъул гражданлъиялъул промышленный бакIал раялъул факультеталда (къасисеб отделениялда) цIалулев вукIаго КПССалъул обкомалде ахIана ва Хьаргаби районалъул газеталъул редакторлъун инзе кколилан лъазабуна. Дол соназда партиялъул рагIуе инкар гьабулеб гIадат букIинчIо ва 1966 соналъул август моцIалда дица редакция къабул гьабуна.

Байбихьи цIакъ захIматаб букIана. Кадрабазул рахъалъ букIана кIудияб къварилъи. Газеталъул тIубараб номер дицаго хъвазе ккараб заманги букIунаан. Жавабияв секретарьлъун Къудукьа ГIалиев МухIамад ва литературияв хIалтIухъанлъун Хьаргабиса Танхалов МухIамад росун хадуса хIалтIи дагьабго чIаголъун бачIана. Хадур редакциялде рачIана гьанжего гьанже журналистикаялъул хIалуцараб гIумруялде жанире лъугьунел жигарал мухбирзаби Шамсудинов МухIамад, ХIажиев Шарабудин, ГIабдулбасиров Закарига, Шигьабудинов МухIамад ва цогидалги. Дагь-дагь ккун гъункун, щулалъун бачIана редакциялъул коллектив. Бищунго ракI разилъулаан гIемерисел журналистазда, типографиялъул хIалтIухъабазда газета жидерго гIагараб рукълъун, цо хъизанлъун бихьулеб букIиналъ. Газета тIубан цIалун кьабизе байбихьизегIан хIалтIудаса цониги чи нахъе унароан. Цоцазул хIалбихьи лъазабун, цере чIарал масъалабазул жавабчилъи бичIчIун хIалтIулаан киналго. Ва чанго моцI иналде «Церехун» газета лъугьана магIна - гIин бугеб, районалъул захIматчагIаз къадруялда кодобе босун цIалулеб даражаялда къватIибе бачIунеб органлъун.

Газеталъул къадруги кIварги борхиялъе хасго квербакъи гьабуна партиялъул райкомалъ гьелъул тIоцевесев секретарь (мунагьал чураяв) МухIамад ЯхIяевас газеталде гьелъул гьурмазда рахъулел макъалабазде кьолеб букIараб кIваралъ. Гьез газеталъул рагIухъ гIин балаан ва базе цогидалги тIамулаан. Газеталъул гьурмазда рорхулел экономикаялъул, рукIарахъиналъул, гIадат- гIамалалъул, лъайкьеялъул, культураялъул суалал, хасго критикиял макъалаби партиялъул райкомалъул бюроялде росичIого толароан. Гьедин тIасахун ургъел - тIалаб гьабулеб мехалда, гьай-гьай, хIалтIизе гъира-шавкъ - бижичIого хутIуларoан.

Гьанир гIезегIан рехсезе бегьула газеталъ цере лъун, кантIизарун, рорхун гIумруялде рахъинарурал хIаракатал ишалги, къватIир чIвазарурал, лъугIизарурал къабихIал, мекъал пишабиги, тамихIалде цIарал гIайибиялги. Жакъа гьеб киналъулго бицун бажариларо, бицине хIажалъиги гьечIин ккола.

Дун чIухIарав вуго Хьаргаби районалъул гьайбатаб, бахIарчияб тарихалда гьоркьоб 5-ялде гIагарун соналъ нилъерго гIагараб газеталъул редактор хIисабалда гIахьаллъизе щвеялдаса. КигIан гьитIинаб букIаниги газета ккола инсанасул чIаголъиги, тIалабги, ахIвал-хIалги загьир гьарулеб асар. Гьеб гIуцIулел гIадамалги ккола кIудияб жавабчилъи ва захIмат бетIералде босарал чагIи. Гьединазе сахлъиги, икъбалги, мурадалде щвейги гьарула дица.

«Хьергебдерил булбул» фестивалалда



10 ноябралда Хьаргаби росдал М. Дибировалъул цIаралда бугеб культураялъул кIалгIаялда тIобитIана халкъиял кучIдул ахIиялъул «Хьергебдерил Булбул» - абураб цIаралда республикаялъул фестиваль. Гьеб букIана Дагъистаналъул халкъияй артистка Манарша Дибирова ракIалде щвеялде гьабураб.



Тадбир гIуцIараллъун рукIана Дагъистаналъул культураялъул Министерство, республикаялъул халкъияб творчествоялъул рукъ ва районалъул администрация.

Тарихалда Хьаргаби район кидаго букIана цIар ргIарал кочIохъаби ва кьурдул устарзаби ругеб бакI. Ихтилат-кеп, кьурдиялъе гьунар бугел гIолилал кидаго рукIана районалда.

Концерталъул байбихьи лъуна ГI. МухIамадовичас лъураб «Парящие орлы» цIар лъураб «Хьаргаби» халкъияб кьурдул ансамблялъ кьурди бихьизе гьабиялдалъун.

Фестивалалда кIалъазе вахъарав районалъул бетIерасул заместитель М. МухIамадовас тIаде рачIарал гьалбадерие баркала загьир гьабуна тадбиралда гIахьаллъаралъухъ .

Фестивалалда гIахьаллъи гьабуна мугIрузул территориалияб округалъул 12 районаздаса культурияб центразул хIалтIухъабаз: Хьаргаби, Хунзахъ, Лаваша, Болъихъ, Гъумбет, Гъуниб, Гъизилюрт, ЛъаратIа, Шамиль, ГIахьвахъ, ЦIумада ва ЧIарада.

Тадбиралъул мурад букIана жидерго гIагараб ракьалде ва улкаялъул тарихалде рокьул, миллиял гIадатазул адаб-хIурматалъул ва жидерго халкъалъул бечедаб культурияб ирсалде рокьи гIолилазул рекIелъ бачIине гьаби.

Фестивалалда щибаб районалъ ахIизе букIана цо-цо халкъияб кечI. ГIахьаллъи гьабуразе кьолел рукIана республикаялъул культураялъул министерствоялъул рахъалдасан дипломал, районалъул администрациялъул рахъалдасан баркалаялъул кагътал ва ракIалде щвеялъул статуяби.

ТIаде рачIарал гьалбадерие районалъул администрациялъул рахъалдасан чIезе гьарун рукIана кванил нигIматазул столал.

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Уважаемые жители Гергебильского района, ОМВД России по Гергебильскому району

приглашает на службу.

На данный момент имеется 18 вакантных мест, младшего и среднего начальствующего состава, из них;

Полицейский ППСП	- 9 вакансий;
Инспектор ОАН	- 1 вакансия;
Полицейский ОМБиАТЗ	- 3 вакансии;
УУП	- 4 вакансий;
Ст.ГУР	- 1 вакансия.

На службу в ОВД вправе поступать граждане РФ достигшие 18 лет;

Предельный возраст поступления на службу 50 лет;

Полное среднее образование;

Отсутствие судимости;

Отсутствие противопоказаний по состоянию здоровья;

Наличие военного билета.

Сотрудникам ОВД предусматриваются следующие льготы: ежегодный оплачиваемый отпуск, возможность получения бесплатного высшего образования (в том числе второго высшего образования) в учебных заведениях МВД России, оплачиваемый учебный отпуск, льготные путевки на санаторно- курортное лечение системы МВД России. Обязательное государственное страхование, возможность постановки на очередность и получения единовременной социальной выплаты для приобретения или строительства жилого помещения, после 10 лет службы в ОВД.

Граждане, изъявившие желание поступить на службу в ОВД, могут обратиться с заявлением в период времени с 9:00 до 18:00 по адресу: Гергебильский район, с. Гергебиль, ул. Наиба Идриса 5.

Тел. для связи: ОМВД России по Гергебильскому району: 99-48-26


Отдел кадров: 8988-290-83-00

М. ЗУБАИРОВ

Начальник ОМВД по Гергебильскому району

СПОРТ

ЗОНАЛИЯЛ КЪЕЦАЛ





11 ноябралда районалъул централда ГI.ГIабдурахIмановасул цIаралда бугеб спортивияб залалда тIобитIана МугIрузул территориалияб округалъул спортивиял школазда ругьун гьарулел ругел 2012 – 2013 соназда гьарурал спортсменазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ зоналиял къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 16 районаздаса 150 гугарухъанас. Къецал гIуцIун рукIана республикаялъул спорталъул министерствоялъ.

Къецал тIоритIиялъул аслияб бакIлъи тIаде босана ва махщалида бачана спорталъул министерствоялъул вакил ГI.–А. НурмухIамадовас. Къецал тIоритIулел рукIана кIиго ковералда. ХIалуцарал къецазул хIасилалда бергьенлъи босана ва призалъулал бакIалде рачIана:

35 кг – 1 бакI – М. ГъазимухIмадов Болъихъ р - он
2 бакI – С. ХIасанхIажиев Лаваша р - он
3 бакI – А. МухIамадгIалиев Болъихъ р - он
3 бакI - Ш. ГIабдусаламов Болъихъ р - он

38 кг I бакI – С. Къебедов Унсоколо р - он.
2 бакI – ГI. ХIусенов Унсоколо р – он.
3 бакI – ГI. СултIанбеков Хунзахъ р – он.
3 бакI - М. ГIабдулхIалимов ЦIумада р – он.

41 кг 1 бакI - ГI. Идрисов Хьаргаби р – он.
2 бакI - С. Рамазанов Гъуниб р – он.
3 бакI - М. Шапиев ЧIарада р – он.
3 бакI - ГI. СагIидов Унсоколо р – он.

44 кг 1 бакI – ХI. Рапиев Болъихъ – р – он.
2 бакI – А. МухIамадов Лаваша р – он.
3 бакI – М. Багьавудинов ЧIарада р – он.
3 бакI – М. ШугIайбов Шамиль р – он.

48 кг 1 – бакI ГI. Жанаев Хьаргаби р – он.
2 бакI – Р. Нажмудинов ЦIумада р – он.
3 бакI – И. Камилов ЧIарада р – он.
3 бакI – М. Шарабудинов Лъарата р – он.

52 кг 1 бакI – М. ХIайбулаев Болъихъ р – он.
2 бакI – М. ГIалиев ЦIумада р – он.
3 бакI – ХI. Жарбаев Лаваша р – он.
3 бакI – А. МухIамадов Хьаргаби р – он.

57 кг 1 бакI – ГI. ГIабдулаев Лаваша р – он.
2 бакI – А. СалихIов Шамиль р – он.
3 бакI – ГI. ГIабдулаев Унсоколо р – он.
3 бакI – М. Мажидов Болъихъ р – он.

62 кг 1 бакI – М. МухIамадбегов Болъихъ р – он.
2 бакI – ГI. МухIамадов Гъуниб Р – он.
3 бакI – А. Ибрагьимов Болъихъ р – он.
3 бакI – И. Мусаев ЧIарада р – он.

68 кг 1 бакI – ГI. ГIумаров Гъуниб р – он.
2 бакI – ХI. МухIамадов Хьаргаби р – он.
3 бакI – ХI. Рамазанов Хьаргаби р – он.
3 бакI - Ш. Аслудинов Болъихъ р- он.

75 кг 1 бакI – М. ГIумаров Кули р – он.
2 бакI – ГI. Мусабегов Болъихъ р- он.
3 бакI – М. Баркалаев Лаваша р – он.
3 бакI – М. ПирамухIамадов ЦIунтIа р – он.

85 кг 1 бакI – Ж. ГIабдулатIипов Хьаргаби р – он.
2 бакI – И. МухIмадов Болъихъ р- он.

100 кг 1 бакI – М. ХIажимухIамадов Лаваша р – он.
2 бакI С. МухIмадхIажиев ЦIумада р – он.
3 бакI – И. Дарбишев Гумбет р – он.

Киналго призалъулал бакIал росарал гугарухъабазе кьуна медалал ва грамотаби.

Гунибская межрайонная прокуратура разъясняет

Основания и порядок увольнения с работы в связи с сокращением работодателем численности или штата работников.

Трудовое законодательство Российской Федерации гарантирует защиту работников от произвольного увольнения. Вместе с тем пунктом 2 части первой статьи 81 Трудового кодекса Российской Федерации (далее - ТК РФ) допускается увольнение в связи с сокращением численности или штата работников организации, индивидуального предпринимателя.

Сокращение численности означает уменьшение количества штатных единиц по определенной должности, сокращение штата - исключение должностей из штатного расписания. Такое увольнение нс является дисциплинарным взысканием. Сокращение должно быть реальным и подтверждаться документами работодателя.

ПРОЦЕДУРА ВКЛЮЧАЕТ СЛЕДУЮЩИЕ ЭТАПЫ:

1. Принятие решения и уведомление о сокращении.

Работодатель оформляет решение и изменения штатного расписания, определяет увольняемых работников с учетом установленных гарантий. О сокращении уведомляются служба занятости и выборный орган первичной профсоюзной организации: организацией - не менее чем за два месяца, при массовом увольнении - за три месяца. Индивидуальный предприниматель уведомляет службу занятости за две недели (статья 82 ТК РФ, статья 53 Федерального закона от 12.12.2023 № 565-ФЗ «О занятости населения в Российской Федерации»).

2. Предупреждение работника и предложение вакансий.

Работник организации предупреждается персонально и под роспись не менее чем за два месяца. Досрочное увольнение возможно с его письменного согласия и дополнительной компенсацией среднего заработка за оставшееся время предупреждения (статья 180 ТК РФ).

До увольнения работодатель обязан предлагать все подходящие вакансии в данной местности, включая нижестоящие и нижеоплачиваемые, с учетом здоровья работника. Вакансии в других местностях предлагаются, если это предусмотрено договором или соглашениями. Увольнение допускается при отсутствии возможности перевода с письменного согласия работника (часть третья статьи 81 ТКРФ).

3. Оформление увольнения и выплата компенсаций.

Увольнение члена профсоюза производится с учетом мотивированного мнения профсоюзного органа (статья 373 ТК РФ). Работодатель издает приказ, знакомит с ним работника, выдает трудовую книжку либо сведения о трудовой деятельности и производит расчет (статьи 84.1, 140 ТК РФ).

Работнику организации выплачиваются заработная плата, компенсация неиспользованного отпуска и выходное пособие в размере среднего месячного заработка. При поиске работы свыше месяца выплачивается средний заработок за второй месяц либо его часть. В исключительных случаях по решению службы занятости положена выплата за третий месяц при обращении а исс в течение четырнадцати рабочих дней после увольнения и отсутствии трудоустройства в течение двух месяцев (статья 178 ТК РФ).

За выплатами следует обратиться к работодателю нс позднее пятнадцати рабочих дней после окончания соответствующего месяца, за третий месяц - также после решения службы занятости. Срок выплаты - пятнадцать календарных дней со дня обращения. Для работников индивидуального предпринимателя сроки предупреждения и компенсации определяются трудовым договором (статья 307 ТК РФ).

ПРИ СОКРАЩЕНИИ НЕОБХОДИМО СОБЛЮДАТЬ СЛЕДУЮЩИЕ ГАРАНТИИ:

- Преимущественное право на оставление на работе предоставляется работникам с более высокой производительностью труда и квалификацией. При равных показателях предпочтение имеют категории, указанные в статье 179 ТК РФ, в том числе работники с двумя и более иждивенцами и работники, возобновившие трудовой договор по части девятой статьи 351.7 ТК РФ. Дополнительные категории могут определяться коллективным договором.

- Запрещено увольнение беременных женщин, женщин с детьми до трех лет, одиноких матерей с детьми до шестнадцати лет или детьми-инвалидами до восемнадцати лет, других лиц, воспитывающих этих детей без матери, и иных лиц, указанных в статье 261 ТК РФ. Дополнительные гарантии установлены статьями 264.1 и 269 ТК РФ.

- Увольнение по сокращению не допускается в период временной нетрудоспособности или пребывания работника в отпуске (часть шестая статьи 81 ТК РФ).

Законность основания и соблюдение порядка увольнения доказывает работодатель. Работник вправе обратиться в инспекцию труда, прокуратуру или суд. Срок судебного обжалования увольнения - один месяц со дня вручения копии приказа, выдачи трудовой книжки либо предоставления сведений о трудовой деятельности (статья 392 ТК РФ). Незаконное увольнение влечет 3 восстановление на работе и выплату среднего заработка за вынужденный прогул (статья 394 ТК РФ).

Таким образом, сокращение допускается только при наличии действительного основания и соблюдении установленных гарантий. Работнику необходимо сохранять уведомление и предложения вакансий, своевременно обращаться за выплатами и при нарушении прав обжаловать увольнение.

Гунибская межрайонная прокуратура Республики Дагестан



Служба по контракту

В Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – военнослужащему выплачивается единовременные денежные выплаты в размере до 4 500 000 руб.:

400 000 руб. – федеральная выплата;

500 000 руб. – региональная выплата;

3 000 000 руб. – региональная выплата (подразделения резерва);

от 100 000 до 600 000 руб. – выплаты от городов и муниципальных образований;

Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц.

от 6 500 000 — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

Заработная плата – от 210 тысяч рублей в месяц.

До 300 тысяч рублей увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».

Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану:

8 (989) 484-69-95

Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула

Инхоса ГIали-хIажияв

Авар кицаби ва абиял

ГIаданлъи гьабизе кватIун букIунареб.
ГIаданлъи гьечIеб черх - чилъи гьечIеб ракI.
ГIаданлъи гьечIелъуб гьудуллъи чIолареб.
ГIадат бугила, бетIергьанчияс бачунеб хIама гIадин, бачухъе
билълъунеб жо (Гьабухъе букIунеб жойила гIадат).
ГIадлу – алжаналъул кIул.
ГIадлу гьечIеб рокъоб рекъел букIунареб.
ГIадлу гьечIеб росулъ гIакIа гIемераб ахIула.
ГIадлу гьечIев хIаким – рехъен бихьуларев вехь.
ГIадлу гьечIев цIалдохъанасул цIар гIемер ахIизе ккола.
ГIадлу цIикIкIаралъуб цIогь дагьаб.
ГIадлуялъулъ гIажал гьечIеб, вухиялъул хайир гьечIеб.
ГIажалалде гъейгун, болъон гохIде бахунебила.
ГIазаб чIамичIого, мурадалде щоларел.
ГIаздатIаги лъалкI толарев.
ГIазулъ вачIунге, гьоролъ вачIаян абулебила цIогьорас гьалмагьасда.

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.
Заказ № _____. Тираж 700 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Подписано в печать 12 ноября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.

Индекс 51350. Цена свободная.